

# Fason pou jwenn Èd pou Blesi nan bouch

*Getting Help for Mouth Sores - Haitian Creole*



Blesi nan bouch kapab se yon efè komen tretman kansè. Ou ta ka gen doulè, oswa ti blesi oswa ilsè kapab fòme. Blesi sa yo ou gen nan bouch ou kapab vin enfekte epi yo kapab senyen. Yo souvan in grav apre yon peryòd tan epi yo kapab lakòz ou gen anpil doulè. Yo kapab fè li difisil poui ou pou manje, vale, bwè, oswa menm pale.

## Sa pou chèche

- Blesi nan bouch ki ka wouj oswa yo ka gen. Ti tach blan nan mitan yo. Blesi sa yo kapab ba ou doulè oswa yo kapab fè ou mal lè w ap kraze manje nan bouch ou, oswa yo kapab fè ou santi ou gen yon göj irite. Blesi yo ka senyen oswa yo ka vin enfekte.
- Ti ilsè, kote ki anfle, oswa senyman nan bouch, sou jansiv yo oswa sou oswa anba lang lan
- Yon pelikil, tach blan oswa jòn oswa pi nan bouch la oswa sou lang lan
- Plis flèm nan bouch la pase nòmal.
- Sansasyon sechrès, brili, oswa doulè lè ou manje sa ki cho ak sa ki frèt
- Brili lestomak oswa endijesyon

## Kisa ki lakòz blesi sou moun ki gen kansè?

Moun ki gen kansè kapab vin gen blesi nan bouch yo akòz kimyoterapi, terapi medikaman sible, yon kalite imino-terapi ak tretman avèk radyasyon nan tèt ak zòn kou a. Lòt bagay ki ka lakòz blesi nan

bouch tou: sèten Enfeksyon, dezidratasyon, move swen bouch la, terapi avèk oksijèn, itilizasyon alkòl oswa tabak, oswa yon mank sèten vitamin oswa pwoteyin.

## Tchekòp dantè ak swen bouch la

Tchekòp dantè anvan tretman, epi sitou anvan radyoterapi nan tèt ak kou, kapab ede evite epi redui blesi yo nan bouch la. Dantis yo kapab montre ou fason pou pran swen bouch ou. Yo kapab trete kavite oswa enfeksyon yo nan bouch ou tou anvan tretman kansè a kòmanse. Li enpòtan pou pale avèk ekip swen sante ou konsènan pi bon tretman an pou sitiayson ou.

Bon swen bouch kapab ede redui risk pou gen blesi nan bouch. Sa kapab ede anpeche blesi nan bouch ou vin move anpil. Si ou itilize yon bwòs-dan mou sa kapab ede kenbe bouch ou pwòp epi redui risk pou pran chòk nan jansiv ou yo ak nan doublì bouch ou.

Kòmanse pran swen bouch ou anvan li vin gen blesi. Si bouch ou vin gen blesi, bon swen bouch kapab ede anpeche li vin enfekte.

# Sa ou kapab fè si ou gen blesi nan bouch

## Pou pran swen bouch ou

- Itilize yon rens bouch ekip swen sante ou sijere ou.
- Bwè omwen 8 goblè likid chak jou, si ekip swen sante ou dakò avèk ou pou fè sa.
- Sèten kalite rens bouch kapab ede kenbe bouch ou pwòp epi yo kapab ede soulaje malèz la. Ekip swen sante ou ta ka rekòmande rens bouch ki gen antibiotik oswa estewoyid pou ou si blesi ou genyen yo nan bouch ou ba ou anpil doulè oswa si yo vin enfekte. Mande si ou ka itilize fil dantè nan dan ou.
- Si ou mete fodan, ekip swen sante ou ka mande ou pou retire ak netwaye yo nan mitan repa yo sou yon peryòd tan regilye, epi pou konsève yo nan yon beny netwayaj.
- Kenbe lèv ou imid avèk vazlin, yon bom modere pou lèv, oswa bè kakawo.
- Lè ou gen doulè, pran medikaman ou yo pou doulè a selon enstwiksyon doktè a.

## Lè w ap manje

- Manje sa ki kou, imid epi I fasil pou vale.
- Pa manje sa ki sale anpil , sa ki gen anpil epis oswa sa ki sikre anpil.
- Manje ti repa yo souvan ki gen sa ki fad, imid ak sa ki pa gen epis. Pa manje legitim ak fwi kri, oswa lòt manje ki di sèk, kridoub tankou tchips oswa bretzèl.

- Pa bwè ji fri ki gen asid, tankou zoranj, chadèk ak tomat. Ji sa yo kapab irite bouch ou.
- Evite bwason gazez, alkòl ak tabak.

## Pale avèk doktè ou si ou

- Gen kote ki wouj nan bouch ou ki dire plis pase 48 èdtan.
- Ou gen lafyèv. Ekip swen sante ou ap fè ou konnen ki tanperati lafyèv ou ye.
- Ou gen jansiv k ap senyen.
- Ou remake nenpòt kalite koupi oswa blesi nan bouch ou.
- Ou gen tach blan sou lang ou oswa andedan bouch ou.
- Ou gen pwoblèm pou manje oswa pou kraze manje nan bouch ou oswa pou bwè likid pandan 2 jou.
- Ou gen pwoblèm pou pran medikaman ou yo akòz blesi ou gen nan bouch.

## Tretman blesi nan bouch

Plis rechèch nesesè pou jwenn pi bon tretman pou blesi ak doulè nan bouch. Bon swen bouch ak rens bouch yo itil pou pifò moun. Pou lòt moun yo, rediksyon dòz tretman an, kriyoterapi, oswa terapi avèk lezè ka bese risk pou yo gen blesi nan bouch oswa ede yo avèk gerizon.

## Pale avèk ekip swen sante ou.

Fè ekip swen sante ou konnen chanjman ou remake nan bouch ou. Fè yo konnen sa ki fè blesi nan bouch ou vin grav oswa soulaje.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd ak sipò chak jou, ale sou sitwèb Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) **cancer.org** oswa rele nou nan nimewo **1-800-227-2345**. Nou la lè ou bezwen nou.



Every cancer. Every life.

HAITIAN CREOLE  
© 2022, American Cancer Society, Inc.  
No. 213200 Rev. 10/22

Modèl nou itilize yo se pou objektif pou bay egzanz sèlman.

